



Pou Piblikasyon Imedya: 15/02/2021

GOUVÈNÈ ANDREW M. CUOMO

GOUVÈNÈ CUOMO ANONSE MTA PRAL RETABLI PASYÈLMAN SÈVIS METWO LANNUIT LA

Retablisman pasyèl la t ap kòmanse bonè nan maten nan dat lendi 22 fevriye, epi ede ak re-ouvèti piti piti lavi lannuit, sant kiltirèl yo ak enstalasyon espòtif yo nan Vil New York

MTA pral kontinye netwayaj ak itilizasyon dezenfektan amelyore ki fè metwo a pi pwòp pase pandan tout listwa li

Sa ajoute sou mezi Gouvènè a te pran dènyèmman yo pou kontinye avèk re-ouvèti ekonomi an nan mitan bès kantite ka pozitif yo ak ospitalizasyon yo

Jodi a, Gouvènè Andrew M. Cuomo te anonse Otorite Transpò Metwopoliten an (Metropolitan Transportation Authority, MTA) pral retabli pasyèlman sèvis lannuit nan metwo Vil New York la, avèk tandans pozitif ki kontinye genyen nan endikatè COVID New York yo. Apati de lendi, 22 fevriye, MTA pral pwolonje sèvis metwo ta lannuit la dezèdtan pi ta, sòti de yon lè fèmte chak jou a 2 a.m. pou vin 4 a.m. Chanjman yo pral pwolonje fonksyonman metwo a de dezèdtan epi an menm tan pèmèt MTA a kontinye rejim netwayaj ak dezenfektan ki pi agresif nan listwa li. Depi 6 me, metwo a fèmen chak swa ant 1 a.m. ak 5 a.m. pou pèmèt MTA a netwaye ak dezenfekte metwo a pi byen.

"Gras a travay di moun New York yo, to ospitalizasyon an enfeksyon COVID yo kontinye bese, sa ki pèmèt nou re-ouvè diferan fasèt nan ekonomi an avèk yon apwòch pridan, reflechi, baze sou done", **Gouvènè Cuomo te deklare.** "Avèk pwolongasyon orè fonksyonman restoran yo ak ba yo, epitou re-ouvèti sant kiltirèl yo ak enstalasyon espòtif yo, nou dwe garanti ni anplwaye yo ni kliyan yo gen opsyon transpò pou mennen yo kote yo bezwen ale, lè yo bezwen ale la. Pa konsekans, MTA a pral pwolonje orè lannuit la pou sèvis metwo a pou garanti gen transpò disponib, epi an menm tan kenbe pwosedi netwayaj konplè òganizasyon an."

Prezidan ak Direktè Ekzekitif Jeneral MTA an Patrick J. Foye te deklare, "Re-ouvèti pasyèl metwo yo nan lannuit pral ede re-ouvèti piti piti Gouvènè a ap fè a mezi n ap wè tandans pozitif avèk deplwaman vaksen an, to enfeksyon pi ba a, restoran ki rekòmanse sèvi manje andedan ak orè pwolonje ba yo ak restoran yo. Sispanasyon

sèvis la pandan dezèdtan pral pèmèt MTA a kontinye rejim netwayaj ak itilizasyon dezenfektan ki pi agresif la ki fè metwo a pi pwòp pase jan li te janm ye".

Prezidan Pwovizwa MTA New York City Transit la Sarah Feinberg te deklare, "Apwòch sa a pèmèt nou amelyore sèvis la pou kliyan yo pandan Vil New York ap re-ouvè avèk pridans epi an menm tan kenbe efò konsète nou an pou fè yon netwayaj apwofondi epi dezenfekte sistèm nan. Nou vle kapab ofri otan sèvis nou kapab san konpwomèt angajman nou an pou fè tout sa nou kapab pou pwoteje moun New York yo pandan pandemi an. Nou pral kontinye suiv enstriksyon Gouvènè Cuomo ak Manm Komisyon Zucker sou tout aspè òf sèvis transpò piblik la nan sa ki gen pou wè ak COVID-19, epitou sa gouvènman federal la ak Sant pou Kontwòl Maladi yo (Centers for Disease Control)".

Pwolongasyon orè fonksyonman MTA a ajoute sou mezi Gouvènè a pran dènyèman yo pou kontinye re-ouvè ekonomi an nan mitan yon bès konstan nan kantite ka pozitif ak ospitalizasyon nan eta a. Nan dat 14 fevriye, Gouvènè a te pibliye yon [Dekrè Egzekitif \(Executive Order\)](#) k ap pwolonje lè fèmte yo a 11 p.m. nan tout eta a pou restoran, ba, sal ak sant espò, kazino, sal biya ak tout lòt kote ki gen lisans Otorite Alkòl Eta a (State Liquor Authority, SLA). Gouvènè a te [anonse](#) tout evènman espòtif ak espektak nan gwo estad ak teren ki gen kapasite pran omwen 10,000 moun kapab re-ouvè avèk yon kantite espektatè limite apati de 23 fevriye.

Biwo Rechèch ak Devlopman (Office of Research and Development) Ajans Pwoteksyon Anviwònman (Environmental Protection Agency) ameriken an te konseye MTA a dènyèman pou li kontinye dezenfekte sifas apre diskou Dètè. Shawn Ryan, Direktè Pwogram Sekirite Teritwa (Homeland Security Program) EPA a te fè nan dat 9 fevriye a, kote li te di, "yo toujou rekonèt sifas yo kòm yon mwayen kontak avèk viris la", epi "enstriksyon CDC ak EPA yo sijere lave men souvan epitou netwaye ak/oswa dezenfekte sifas anpil moun manyen souvan yo".

Administrasyon Transpò Federal la (Federal Transit Administration) bay MTA a ak lòt ajans transpò piblik enstriksyon pou yo kontinye dezenfekte tout sifas yo manyen anpil yo sa gen ladan yo kyòs, tounikèt, ban, ranp, balistrad, poubèl, manch pòt, telefòn peye, sifas twalèt (tèt tiyo, twalèt, kontwa), poto, balistrad, chèz, ban, ba apui, ak bouton pou sòti, epi Sant pou Kontwòl Maladi yo konseye tou pou yo netwaye ak dezenfekte regilyèman.

Yon ankèt Hofstra University te pibliye mwa pase te jwenn twa pasaje sou kat te santi yo pi an sekirite lè yo monte metwo a gras a netwayaj COVID la. Rezilta yo te annakò avèk yon ankèt MTA ki te fèt pandan otòn nan avèk konklizyon parèy: 76 pousan nan 20,000 kliyan yo te dakò lè yo netwaye ak dezenfekte sa fè yo santi yo pi an sekirite lè y ap pran transpò piblik.

MTA a te sispann sèvis metwo a ant 1 a.m. ak 5 a.m. chak jou nan dat 6 me, 2020, an menm tan li te amelyore sèvis otobis lannuit la anpil. MTA a te ogmante sèvis otobis lannuit la pa 76 pousan gras a ajoutman 1,168 trajè otobis, sa ki te mennen 344 otobis

nan sèvis anplis 235 ki te deja ap fonskyone pandan lè sa yo - yon ogmantasyon apeprè 150 pousan nan flòt operasyonèl la. MTA a te amelyore sèvis sou 61 liy otobis, sa gen ladan 11 pakou ekspres ant awondisman yo avèk arè anplis (senk pakou nan Bronx, twa chak nan Brooklyn ak Queens), ak 13 nouvo pakou ki nòmalman pa ofri sèvis lannuit (17 nan Brooklyn, 13 nan Queens, 10 yo chak nan Bronx ak Manhattan). Gen transèt pakou ki ajoute sèvis lannuit.

Yon etid sou kantite pasaje yo ki te fèt nan mwa avril 2020 te montre gen apeprè 1,802 kliyan ki t ap pran metwo ant 1-2 a.m., 1,386 kliyan ant 2-3 a.m., 2,129 ant 3-4 a.m., epi 5,692 ant 4-5 a.m. Re-ouvèti ant 1-2 a.m. ak 4-5 a.m. lan pral ofri sèvis pou gran majorite moun k ap chèche sèvis pandan lannuit yo.

###

Lèt nou vèl disponib sou sit www.governor.ny.gov
Eta New York | Chanm Egzekitif | press.office@exec.ny.gov | 518.474.8418

[ANILE ENSKRIPSYON OU](#)